

# Kisa k ap pase nan lekòl leta NYC

اعرض هذه الوثيقة باللغة العربية / এই নথি বা ডকুমেন্টটি বাংলায় দেখুন /

查看本文件的中文版 / Consultez ce document en français / Gade dokiman sa a an kreyòl ayisyen / 이 문서를 한국어로 보기 / Consulte este documento en español / به دستاویز اردو میں ملاحظہ کریں / Перевод документа на русский язык / [schools.nyc.gov/messagesforfamilies](https://schools.nyc.gov/messagesforfamilies)

**11 avril 2022**

Mizajou pou fanmi sa a bay enfòmasyon enpòtan sou opòtinite aprantisaj ak ranfòsman pandan ete 2022 a, ak sou kòman pou fè kòmantè enpòtan sou lekòl pitit ou a lè w ranpli Sondaj lekòl NYC a avan 15 avril.

## **Kontni:**

- **Summer Rising 2022: Kindergarten jiska klas 8yèm ane**
  - [Apèsi sou Summer Rising](#)
  - [Fason pou aplike](#)
  - [Elèv ki gen Pwogram edikasyon endividiyèl \(Individualized Education Program, IEP\) ak Plan 504](#)
- **Pwogramasyon ete pou klas 9yèm ane ak pi wo**
  - [Ratrapaj akademik](#)
  - [Planifikasyon pou kolèj ak karyè](#)
- **Sondaj lekòl NYC**
  - [Delè pwolonje](#)

## **Summer Rising 2022: Kindergarten jiska klas 8yèm ane**

### **Apèsi sou Summer Rising**

Summer Rising se yon patenarya ant Depatman edikasyon Vil Nouyòk (DOE) ak Depatman jèn ak devlopman kominotè (DYCD) ki pral konekte elèv lekòl primè ak elèv lekòl presegondè avèk eksperyans pratik ki amizan, enpòtan sou plan kiltirèl pou ranfòse ladrès akademik, sosyal, ak emosyonèl yo.

Summer Rising **gratis** epi li fèt pou nenpòt elèv Vil Nouyòk ki nan klas kindergarten jiska 8yèm ane. Plas yo limite, donk nou ankouraje fanmi pou yo aplike bonè pou yo ka jwenn yon plas nan kote yo prefere a. Elèv lekòl yo fè obligasyon pou yo ale lekòl pandan ete a gen garanti pou jwenn yon plas.

Pwogram lan pral kòmanse **5 jiyè**, epi li pral fonksyone **lendi jiska vandredi**, soti **8:00 a.m. rive 6:00 p.m.** pandan mwa jiyè ak out la. Y ap bay elèv yo manje maten ak manje midi gratis, avèk ti goute ki disponib nan apremidi si w mande. Summer Rising ap dire sis semèn pou tout elèv, avèk yon setyèm semèn ranfòsman pou elèv klas K-5. Jwenn plis enfòmasyon nan [nyc.gov/SummerRising](http://nyc.gov/SummerRising).

### Fason pou aplike

Apati **25 avril**, ou ka voye yon aplikasyon Summer Rising pou enskri pitit ou a nan [nyc.gov/SummerRising](http://nyc.gov/SummerRising). Aplikasyon an pral mande nimewo idantite elèv ou a ki gen 9 chif; ou ka jwenn nimewo sa a nan lekòl ou a si ou pa konnen li.

Ou ka aplike nan nenpòt lokal Summer Rising ki gen plas ki disponib pou nivo klas pitit ou a. Ou ta dwe aplike pi vit posib pou asire ou jwenn yon plas nan lokal ou pi pito a! Imedyatman apre w fin enskri, w ap resevwa yon imèl ki konfime plas ou. Si w ap enskri plizyè elèv, tanpri sonje ou dwe voye chak aplikasyon yo separe.

Si w gen kesyon oswa ou si w bezwen sipò avèk aplikasyon an, kontakte kowòdonatè paran lekòl ou a oswa voye yon imel nan [summer@schools.nyc.gov](mailto:summer@schools.nyc.gov).

### Elèv ki gen Pwogram edikasyon endividiyèl (Individualized Education Program, IEP) ak Plan 504

**Pwogram ane lekòl pwolonje /12 mwa (ESY)** Elèv k ap patisipe nan klas espesyal 12 mwa / ane lekòl pwolonje (ESY) oswa pwogram ASD Nest oswa Horizon pral resevwa pwogram ak sèvis yo rekòmande nan IEP yo nan yon lokal Pwogram ane lekòl pwolonje (ESY), Distri 75 oswa ASD Summer Program. Paran pral kapab tou enskri pitit yo nan aktivite ranfòsman jounen pwolonje. Nou pral fè suivi avèk fanmi sa yo pou bay plis enfòmasyon sou opsyon yo genyen.

**Akomodasyon:** Elèv ki bezwen sipò, tankou yon parapwofesyonèl oswa enfimyè, pou patisipe nan Summer Rising ap resevwa yo selon bezwen endividiyèl yo.

### Pwogramasyon ete pou klas 9yèm ane ak pi wo

#### Ratrapaj akademik

Lekòl segondè yo pral kreye orè ete fleksib tou pou ede elèv nan reyalizasyon kondisyon pou gradyasyon, akselerasyon akademik, ak preparasyon pou kolèj. Elèv yo pral gen yon chans pou yo refè kou yo te echwe ladan yo, avèk sipò akademik ak sosyal emosyonèl ki fèt nan lokal la pou satisfè bezwen inik elèv ki pi gran yo. Pwosesis pou elèv lekòl segondè enskri nan pwogram pandan ete a separe avèk pwogram Summer Rising K-8 epi se lekòl pitit ou a ki pral jere sa.

#### Planifikasyon pou kolèj ak karyè

Ete sa a, elèv lekòl segondè pral gen chans pou yo patisipe nan yon rekò 100,000 opòtinite ete k ap sipòte yo sou wout pou kolèj ak karyè, atravè pwogram tankou Pwogram travay pou jèn pandan ete ak College Now.

**Pwogram travay pandan ete pou jèn (SYEP):** Elèv ki nan lekòl segondè kounye a ka eksploré travay ete ak opòtinite devlopman karyè atravè SYEP, ki ouvri pou jèn vil Nouyòk ki gen laj 14 a 24 ane. Patisipan nan SYEP eksploré enterè yo ak chemen yo pou karyè, devlope ladrès nan ankadreman travay epi angaje yo nan eksperians aprantisaj ki ede devlope ladrès sosyal, sivik, ak lidèchip yo—tout sa pandan y ap touche yon chèk! Elèv ka jwenn plis enfòmasyon ak voye yon aplikasyon nan [application.nycsyep.com](http://application.nycsyep.com) nan delè 22 avril la.

**Summer Design Institute:** Nou ankouraje elèv ki enterese nan konsepsyon ak kreye pwojè sou tèm karyè pou pòtfolyo yo pandan y ap devlope ladrès pwofesyonèl nan domèn tankou piblisite, art vizyèl, konsepsyon dijital, devlopman entènèt, jeni, robotik, ak achitekti, pou aplike nan youn nan twa lokal Edikasyon karyè ak teknik (CTE) pandan ete yo. Elèv ki fini pwojè pwogram yo kalifye pou yo peye yo. Ni elèv CTE ni elèv ki pa deja nan pwogram CTE ka aplike. Anrejistre pou jwenn plis enfòmasyon nan: [tinyurl.com/SDI2022CTE](http://tinyurl.com/SDI2022CTE)

**Next Steps Advising:** Elèv lekòl segondè ka anrejistre tou pou Next Steps Texts nan [schools.nyc.gov/choosing-the-right-path](http://schools.nyc.gov/choosing-the-right-path) pou yo resevwa mesaj chak semèn pou ede yo planifye ak pou suiv karyè yo. Tèks yo ka gen ladan yo lyen ki mennen nan opòtinite travay pou jèn, enfòmasyon sou bousdetid, aksè nan atelyet travay, ak rapèl sou dat limit yo. Pou bay elèv plis sipò, Next Steps kapab tou fè yo jwenn aksè nan reyinyon vityèl gratis, youn a youn avèk konseye ekspè apre lekòl ak nan wikkenn.

Elèv k ap gradye an 2022 ka itilize Next Step Texts pou konekte avèk College and Career Bridge Coach yo, yon etidyan kolèj aktyèl ki resevwa fòmasyon pou ede elèv ki fèk gradye yo navige tranzisyon ant lekòl segondè ak pwochen etap yo nan kolèj ak karyè yo. Jwenn plis enfòmasyon [schools.nyc.gov/choosing-the-right-path](http://schools.nyc.gov/choosing-the-right-path).

## CUNY College Now

Pou semès ete 2022 a, CUNY College Now pral ofri yon melanj kou sou entènèt, ibrid ak anpèsòn pou elèv lekòl segondè leta vil Nouyòk k ap antre nan klas 11yèm oswa 12yèm ane an septanm 2022. Patisipasyon gratis. Pou plis enfòmasyon, ale sou [k16.cuny.edu/collegenow/summer-programs](http://k16.cuny.edu/collegenow/summer-programs).

## Sondaj lekòl NYC

### Delè pwolonje: 15 avril

Si w poko fini Sondaj lekòl NYC w la, kounye a ou gen jiska **15 avril** pou fè sa! Jis ale nan [NYCSchoolSurvey.org](http://NYCSchoolSurvey.org) oswa konekete nan Kont lekòl NYC (NYCSA) ou nan [schoolsaccount.nyc](http://schoolsaccount.nyc) pou voye kòmantè ak ede lidè lekòl fè lekòl pitit ou a yon pi bon kote pou aprann.